



Redetèminasyon Medicaid Kesyon yo Poze Souvan

Itilize kesyon yo poze souvan sa yo pou w konprann byen rapid aspè prensipal pwosesis redetèminasyon an.

1 Kisa pwosesis redetèminasyon an ye, epi poukisa mwe dwe patisipe ladan l?

Selon lwa Federal la, elijibilite manm Medicaid Indiana yo dwe renouvle chak 12 mwa. Eta a itilize pwosesis kòlèk enfòmasyon anyèl sa a pou detèmine si w toujou rete elijib pou yon lòt ane kouvèti.

2 Kijan m ka fè pou m konnen ki dènye fwa mwen te renouvle plan Medicaid mwen an?

Ou ka jwenn enfòmasyon sou plan w ak elijibilite lè w vizite Pòtay Avantaj Anliy FSSA a sou [FSSAbenefits.IN.gov](https://www.fssa.in.gov) oswa lè w rele Divizyon pou Resous Familyal Indiana a nan **1-800-403-0864**.

3 Mwen enkyete m konsènan elijibilite yon pwòch mwen pou Medicaid. Ki jan m ka fè pou m jere sa?

Objektif Medicaid se pou kenbe manm yo an sante. Si manm Medicaid la pa fin konprann ki jan pou li fè pwosesis la, manm lan ka jwenn resous ak aranjman sou Pòtay Avantaj Anliy FSSA a nan [FSSAbenefits.IN.gov](https://www.fssa.in.gov). Toujou sonje ke ou pa kapab konfime elijibilite yon moun sof si ou se yon reprezantan otorize, oswa w ap fè yon apèl ansanm ak manm Medicaid la ki kapab ba w yon pèmasyon inik pou pale sou ka li a.

4 Ki jan pou m gen aksè nan pòtay anliy Medicaid la?

Ou gen aksè 24/7 jou nan enfòmasyon kont ou lè w vizite Pòtay Avantaj FSSA a nan [FSSAbenefits.IN.gov](https://www.fssa.in.gov). Si w bezwen èd pou w sonje enfòmasyon koneksyon w yo, ou ka klike sou “Bezwen Èd” ki nan kwen anlè adwat la.

5 Kijan mwen ka jwenn yon biwo lokal pou mwen oswa pou yon pwòch mwen?

Ou ka jwenn biwo Divizyon pou Resous Familyal lokal ou a lè w vizite [IN.gov/fssa/dfr/ebt-hoosier-works-card/find-my-local-dfr-office/](https://www.in.gov/fssa/dfr/ebt-hoosier-works-card/find-my-local-dfr-office/).

6 Kijan m ap fè pou konnen si m dwe fè redetèminasyon an?

Kèk manm (ki enkli manm ki ansent/ki fenk sot akouche, benefisyè SSI ak sa ki gen estati plasman nan fanmi dakèy) pa gen pou yo konplete pwosesis redetèminasyon an. Lòt manm Medicaid Indiana ki pa te konfime enfòmasyon yo ansanm ak eta a dènyèman ak/oswa ki pa kapab resevwa konfimasyon elijibilite yo atravè sous elektwonik ap resevwa yon fòmilè k ap endike ke yo dwe voye li tounen. Manm sa yo ap resevwa fòmilè sa a nan apeprè 45 jou anvan fen kouvèti aktyèl yo a.

7 Ki enfòmasyon m gen pou m bay pou pwosesis redetèminasyon an?

Si w poko resevwa yon dokiman ki endike enfòmasyon ki nesèsè pou pwosesis redetèminasyon w lan, epi ou panse ke w gen reta, rele Divizyon pou Resous Familyal Indiana a nan **1-800-403-0864**. Y ap oryante w atravè tout enfòmasyon ke w gen pou w bay yo. Y ap soumèt yon lis dokiman ki nesèsè pandan pwosesis aplikasyon an.

8 Ki dat limit ki genyen pou soumèt redetèminasyon mwen an?

Delè pou pwosesis sa depann de kilè ou resevwa yon avi pou redetèminasyon. Apre w fin resevwa yon avi, w ap genyen anviwon 45 jou pou w konplete pwosesis sa a anvan fen kouvèti aktyèl ou a. Si w pa konplete demann redetèminasyon an nan espas 45 jou, kouvèti w la ap fini jiskaske yo detèmine elijibilite w. Si plis pase 90 jou pase depi kouvèti w la fini, w ap oblije reyaplike.

9 Èske genyen chanjman nan kritè elijibilite yo?

Pou w jwenn dènye enfòmasyon konsènan kritè elijibilite yo, ou kapab vizite sitwèb ofisyèl Medicaid Indiana a nan **IN.gov/Medicaid**.

10 Konbyen fwa mwen gen pou m pastisipe nan pwosesi redetèminasyon an?

W ap gen pou w patisipe nan pwosesis redetèminasyon an chak 12 mwa pou kouvèti Medicaid la ka rete konstan.

11 Èske mwen kapab konplete pwosesis redetèminasyon an nan non yon pwòch mwen ki otonòm?

Pou fè pwosesis redetèminasyon an nan non yon pwòch ou ki endepandan, w ap bezwen pou vin yon reprezantan otorize pou moun sa a. Vizite sitwèb Divizyon pou Resous Familyal Indiana a (DFR) nan **IN.gov/fssa/dfr/ebt-hoosier-works-card/find-my-local-dfr-office/** pou jwenn yon biwo DFR lokal oswa rele DFR nan **1-800-403-0864** pandan w akote manm Medicaid la pou li apwouve yon relasyon reprezantan otorize.



FSSAbenefits.IN.gov



1-800-403-0864

